



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU ELAJI AKSÈ AK TELESANTE
POU TOUT MOUN NAN KAD DISKOU SOU ETA LETA A POU ANE 2021 AN**

*Re-imagjine Komisyon New York la rekòmande refòm konplè pou prepare chemen
an pou transfòmasyon distribisyon swen sante*

*Pwopozisyon ap chache modènize Règleman yo epi fasilite aksè ak bon jan kalite
swen sante ki gen ladan sèvis twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans nan
kominote defavorize yo ak kominote nan seksyon rural yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lejislasyon pou elaji ak amelyore aksè ak telesante nan kad diskou Eta Leta 2021 an. Pandemi COVID-19 la dekouvri inegalite yo nan sistèm swen sante nou an e li te montre ke telesante se yon zouti enpòtan pou elaji aksè ak diminye depans pou kominote ki gen revni fèb yo, espesyalman pou sipò sante konpòtmantal. Pandan kriz la, Gouvènè a te pran mezi egzekitif pou elaji aksè pou swen adistans, epi pwopozisyon sa yo kodifye ak bati sou refòm sa yo ki pote siksè.

An patenarya avèk Komisyon Re-imagjine New York la, Gouvènè a pral adopte yon refòm telesante konplè pou ede Nouyòkè yo pran avantaj de zouti telesante yo epi adrese blokaj ki deja egziste yo. Refòm sa yo pral adrese pwoblèm kle tankou ajisteman ranbousman ankourajan pou ankouraje telesante, elimine entèdiksyon reglemantè ki demode yo nan distribisyon telesante a, retire egzijans pou lokal ki demode yo, adrese malèz teknik nan mitan alafwa pasyan yo ak founisè yo atravè pwogram fòmasyon, ak etabli lòt pwogram pou ankouraje itilizasyon inovaan telesante a.

"Pandan ke Eta New York deja devan sèn teknoloji a nan pwomosyon telesante pou rezidan li yo, adopsyon telesante pa alafwa pasyan yo ak founisè yo ralanti", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "COVID-19 chanje non sèlman fason nou viv, men fason founisè swen sante yo sipòte pasyan yo, espesyalman nan sa ki konsène sante mantal. Nouyòkè yo te adapte yo pandan tout 2020 an, men li lè pou nou pouse telesante nan yon lèt nivo nan Eta New York epi entegre li konplètman nan sistèm swen sante nou an ki egziste deja. Pwopozisyon sa yo pral pi byen repati swen sante ak resous teknolojik nou yo pou 21èm syèk la."

Gouvènè Cuomo pwopoze refòm konplè pou adopte inovasyon nan epòk COVID-19 la yon fason pèmanan ki elaji aksè ak sèvis sante fizik, twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans ki gen ladan:

Debloke Avantaj Telesante yo Atravè Modènizasyon Règleman

Pwopozisyon Gouvènè a gen ladan chanjman legal ak regilatwa sa yo ki pèmèt pi gwo fleksibilite nan kote ak ki lè pasyan yo itilize telesante, pandan y ap mentni sipèvizyon pou asire yo bay bon jan kalite swen:

- Elimine egzijans lokal ki demode yo nan egzije pou Medicaid ofri ranbousman telesante pou sèvis yo bay pasyan yo kèlkeswa kote pasyan an oswa founisè a lokalize li nan yon anviwònman ki pa yon etablisman;
- Devlope respwosite lisans ant eta ak eta yo ki nan rejyon Nòdès la pou espesyalite ki gen mank aksè istorik pou asire ke gen ase aksè ak pwofesyonèl sante medikal ak konpòtmantal; epi
- Kontinye fleksibilite epòk COVID pou sèvis twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans lè yo pèmèt kèk anplwaye san lisans, tankou stajye Konseye Akredite sou Alkolis ak Toksikomani (Credentialed Alcoholism and Substance Abuse Counselors) yo oswa Kòlèg Espesyalis, pou distribiye sèvis twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans. Sa a gen ladan tou elimine rès egzijans evalyasyon an pèsòn yo anvan pou distribiye sèvis telesante yo, agrandi kalite anplwaye ki ka distribiye sèvis adistans, devlope yon estrikti regilatwa pou yon pwogram tretman twoub itilizasyon sibstans ekstèn ki prensipalman vityèl ak eksplòre ekspansyon inisyativ ki deja egziste yo ki elaji sèvis sante konpòtmantal yo nan etablisman retrèt yo. Sa a pral gen ladan ranbousman tout kalite founisè swen sante mantal ak abi sibstans, ki gen ladan pwomotè kòlèg rekiperasyon ki sètifye pou pasyan yo ak founisè yo ka chwazi anviwònman an swen ki pi byen reponn ak bezwen yo.

Asire Kouvèti ak Ranbousman pou Telesante

Telesante te jwe yon wòl endispansab nan bay bon jan kalite swen bay moun ki nan nesosite yo pandan pandemi COVID-19 la. Pou bati sou sa nou te aprann pandan kriz la, pwopozisyon Gouvènè a pral:

- Egzije konpayi asirans sante komèsyal yo pou yo ofri manm yo yon pwogram telesante, epi founi kouvèti Medicaid, ki sijè a apwobasyon federal, pou kouvri sèvis yo founi nan telefòn lè li apwopriye yon fason medikal;
- Asire ke yo ranbouse telesante nan yon to ki ankouraje itilizasyon lè li apwopriye yon fason medikal; ak
- Mande founisè yo divilge bay pasyan yo alekri oswa atravè sit entènèt yo si yo founi sèvis telesante. Mande konpayi asirans yo pou yo bay enfòmasyon ajou nan anyè founisè yo sou ki founisè ki ofri sèvis telesante. Nenpòt platfòm telesante yo ofri nan kad yon pwogram telesante obligatwa pral oblije patisipe nan Rezo Enfòmasyon sou Sante nan tout Eta (Statewide Health Information Network) a pou New York oswa otreman demontre entèwoperabilite ak lòt founisè yo nan rezo founisè konpayi asirans lan.

Ogmante Itilizasyon Avansman Teknolojik nan Swen Sante a

Pwopozisyon Gouvènè a pral fasilite adopsyon inovasyon nan teknoloji pou asire swen ki gen pi bon kalite ak swen ki pi efikas pou pasyan yo nan:

- Egzije konpayi asirans yo ofri manm yon platfòm triyaj elektwonik oswa platfòm depatman ijans vityèl ki pèmèt moun yo resevwa yon evalyasyon sentòm ak yon rekòmandasyon nan yon rezo founisè oswa yon Depatman Ijans ki tou pre lè sa jistifye, sa k ap pèmèt Nouyòkè yo, patikilyèman sila yo ki nan zòn defavorize ki pa gen ase enfrastrikti sanitè, pou resevwa swen pi byen ak pi rapid nan moman ijans yo;
- Fasilite itilizasyon konsiltasyon ekspè ant founisè yo atravè telesante nan ankouraje konpayi asirans yo ranbouse founisè yo dirèkteman dèske yo angaje yo nan konsiltasyon elektwonik oswa pèmèt enklizyon n andepans konpayi asirans ki asosye ak platfòm konsiltasyon elektwonik yo nan depans pou sèvis swen sante yo. Ogmante itilizasyon konsiltasyon elektwonik la pral pèmèt founisè swen prensipal yo pran desizyon tretman egzat epi ede pasyan yo evite swen ki pa nesèsè epi ki koute chè; ak
- Rasyonnalize pwosesis konsantman pasyan SHIN-NY pou ogmante entèwoperabilite ak aksè dosye pami founisè swen sante yo.

Sipòte Pasyan yo ak Founisè yo Atravè Pwogram Devlopman Pwofesyonèl, Edikasyon, ak Sipò Inovasyon

Pandan ke fleksibilite regilatwa yo te ogmante aksè a sèvis pou anpil Nouyòkè, telesante nouvo pou anpil moun epi edikasyon ak sansibilizasyon nesèsè pou ede moun konekte yon fason konfòtab ak yon founisè depi lakay yo, pandan ke founisè yo ap aprann tou ki jan ki pi efikasman pou yo itilize teknoloji sa a. Avèk sipò Komisyon Re-imaginer New York ak Depatman Sante a, gen de initiatives ki deja sou pye pou asire adopsyon telesante pa pasyan ak founisè yo k ap reyisi:

- Lansman yon nouvo pwogram Fòmasyon Telesante ki te kreye avèk lidèchip Komisyon Re-imaginer New York la an patenarya avèk SUNY Stony Brook ak Sant Resous Telesante nan Nòdès (Northeast Telehealth Resource Center) la, ak sipò Weill Cornell Medicine, Cityblock Health ak konseye adisyonèl yo. Konsepsyon yon kourikoulòm edikasyon pwofesyonèl kontinyèl aksè lib sou telesante pral ede founisè yo bay pi bon kalite swen — sitou pandan teknoloji yo ap kontinye devlope pandan Eta New York ap prepare wout la pou zouti sa yo; ak
- Pilòt nan yon pwogram fasilite telesante inovasyon ki fèt pa AIRnyc ak Mt. Sinai Health Partners, sou direksyon Schmidt Futures ak Komisyon Re-imaginer New York la. Pwogram nan gen pou objektif amelyore konfò ak aksè ak zouti telesante yo pou popilasyon defavorize yo, ki gen ladan sipò pratik pou pwosesis admisyon ak entegrasyon. Malèz pasyan ak mank aksè ak teknoloji se yon eleman dekourajan epi pwogram sa a pral ede enfòmè ki jan New York ka pi

byen ede moun yo nan aprann sèvi ak telesante ak poze baz pou yon ekspansyon alavni.

Ko-Fondatè Schmidt Futures ak Prezidan Re-imagine New York la, Komisè Eric Schmidt, te deklare, "Pwomote telesante se yon egzanp klè sou fason New York ka rebati pi byen. Pandemi a ouvri je Nouyòkè yo sou efikasite ak konfòmite swen adistans. Komisyon an ap fòmile rekòmandasyon non sèlman pou solidifye ekspansyon telesante ke anpil Nouyòkè deja benefisyè nan dènye ane a, men tou pou franchi yon etap pi lwen pou konstwi yon avni kote telesante kapaba nan avantaj nou tout. Revizyon konplè politik telesantesa yo, anplis yon seri nouvo pwogram inovan, pral asire chak Nouyòkè, kèlkeswa sikonstans yo, gen sipò ak resous yo bezwen pou jwenn aksè ak swen sante fizik ak mantal".

Chèf Ofisyè Sante nan Cityblock Health ak Ko-Prezidan Gwoup Travay Telesante Komisyon Re-imagine New York la, Dr Toyin Ajayi, te deklare, "Menm anvan pandemi COVID-19 la, telesante te montre potansyèl pou elaji aksè ak bon kalite swen sante nan kominote ki tradisyonèlman defavorize yo. Epi depi nan konmansman pandemi an, dè milyon Nouyòkè te fè eksperyans kapasite telesante pou bay bon jan kalite swen pratik. Pandan n ap rebati pi byen, nou gen yon opòtinite pou asire ke tout Nouyòkè yo ekipe pou patisipe nan telesante. Si nou fè sa, sa ap mennen nou nan yon etap pi pre pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a swen sante yo ke yo merite".

Prezidan Cornell University ak Ko-Prezidan Gwoup Travay Telesante Komisyon Re-imagine New York la, Martha Pollack, te deklare, "Pandan tout pandemi an, itilizasyon telesante pa Nouyòkè yo te moute an flèch e pasyan yo ansanm ak doktè yo te wè prèy kapasite li. Nou ka debloke potansyèl telesante alavni nan chanje fason Nouyòkè yo gen aksè ak swen sante. Sa a kòmanse ak chanjman politik konplè ki bay pi gwo fleksibilite pou founisè yo ak pasyan yo itilize telesante nan fason yo jije ki apwopriye. Epi nou kapab e nou dwe asire ke Nouyòkè sa yo ki pi nan plis nesosite gen pi gwo aksè ak swen, atravè nouvo envestisman nan enfrastruktir telesante, ak atravè entegrasyon kreyatif teknoloji telehealth ak kalite sipò imen ki pa ka ranplase".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)